



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON DEVLOPMAN  
LOJMAN SIPÒ KI KOUTE 32.5 MILYON DOLA NAN QUEENS**

*'The Morgan' pral ajoute 30 inite lojman sipò pou sèvi Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal*

*Pwojè a fè pati [Inisyativ Enpòtan Gouvènè Hochul la](#) pou ranfòse swen sante mantal epi elaji lojman espesyalize nan tout eta a*

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon devlopman ki pral ajoute 50 inite lojman abòdab nan zòn Jamaica nan Queens, ki gen ladan 30 inite pou sèvi Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal grav yo. Pwojè pou konstwi 'The Morgan' lan te soti nan yon investisman 32.5 milyon dola — ki gen ladan 12.4 milyon dola atravè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a — epi li fè pati efò Gouvènè Hochul pou elaji lojman espesyalize nan tout Nouyòk.

"Nou angaje nèt pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a lojman abòdab, san bliye moun ki pi vilnerab pami nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "The Morgan pral ofri sipò ki nesèsè anpil ak lojman diy pou moun k ap viv ak maladi mantal grav, ba yo sèvis pou yo ka rete an sekirite epi nan yon lojman ki estab nan zòn Jamaica nan Queens."

Sèvis Tranzisyonèl pou Nouyòk (Transitional Services for New York) ap devlope The Morgan epi li pral kreye 30 inite ak sèvis sipò, tankou responsab jesyon ka, anplwaye ki disponib 24 sou 24, ak lòt sèvis, tankou devlopman konpetans, jesyon konfli ak rediksyon domaj, entegrasyon kominotè ak sosyal, ak sipò ant kamarad. Pwojè a pral gen ladan l tou 20 inite lojman abòdab pou moun ki touche 50 pousan oswa mwens nan revni mwayen zòn lan.

Pwojè a ap resevwa 12.4 milyon dola atravè finansman kapital OMH ki te garanti kòm yon pati nan investisman istorik Gouvènè Hochul la ki vo 1 milya dola nan inisyativ sante mantal ak lojman, avèk asistans DASNY nan fèmte prè a an antisipasyon finansman alontèm alavni. Lòt investisman yo gen ladan yo apeprè 7 milyon dola atravè Pwogram Kredi Taks Federal pou Lojman pou moun ki gen Revni Ba Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR), 4 milyon dola atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program) nan kad Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and

Disability Assistance, OTDA) Eta a, ak 7 milyon dola atravè Pwogram Prè Lojman Sipò (Supportive Housing Loan Program, SHLP) Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil Nouyòk la (Housing Preservation & Development).

Pwojè a pral demoli yon kay vid epi konstwi yon bilding uit etaj, 2,900 mètr kare (31,218 pye kare), ki gen ladan yon espas bibliyotèk/òdinatè, yon teras deyò, yon chanm pou sal lesiv, yon espas lwazi ak yon jaden. The Morgan pral yon espas ki konplètman elektrik, epi ki efikas an enèji, ki gen karakteristik konsepsyon aktif, epi ki gen Wi-Fi gratis pou tout lokatè yo.

**Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Lè nou bay lojman ki estab pou Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal grav, nou ka kreye yon anviwònman kote yo ka viv epi pwospere nan kominote yo a. Teh Morgan pral ede moun yo jwenn aksè ak sèvis sipò epi kontinye chemen yo vè gerizon an. Pwojè sa a reprezante investisman kontinyèl Gouvènè Hochul pou ranfòse swen sante mantal epi bay lojman ki an sekirite epi abòdab pou tout moun."

**Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Inite lojman pèmanan ak sipò yo k ap kreye nan kad devlopman sa a pral bay moun yo non sèlman yon kote ki an sekirite epi abòdab pou yo viv, men tou aksè fasil a sèvis pou ede yo simonte baryè ki ka kontribye nan fè yo vin sanzabri. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Eta a paske yo rekonèt ke plis pase yon konstriksyon fizik nesèsè pou bay lojman ki estab pou kèk nan konpatiyòt Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Investisman 7 milyon dola nou an ap ede bay 50 kay abòdab, dirab, epi ki bay bon sipò ki pral ede kominote Jamaica pwospere. Nou remèsye patnè nou yo pou devouman yo epi nou pa ka tann pou wè pwojè sa a ap pwogrese."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta Nouyòk la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY), Robert J. Rodriguez, te deklare,** "DASNY onore pou sipòte efò Gouvènè Hochul pou elaji lojman espesyalize pou Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal. Atravè asistans finansman ak sipèvizyon konstriksyon an, n ap ede asire ke The Morgan bay lojman ki estab e diy ke moun bezwen pou yo reyisi nan kominote yo a."

**Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare,** "Sidès Queens te lakay plizyè etablisman sèvis tranzisyonèl, epi mwen kontan akeyi pèmanans ak establite nan kominote nou an pou moun ki pare pou gradye pou yo viv poukont yo. Pwojè sa a ede adrese youn nan pi gwo mank ki genyen nan sistèm sante mantal ak lojman nou yo, pou kreye kote ki estab ak pèmanan pou moun yo ka fè tranzisyon. Twòp Nouyòkè fini tretman oswa pwogram sipò sèlman pou yo dekouvri pa gen okenn kote ki apwopriye pou yo kontinye devlopman yo avèk siksè epi an sekirite. Lè nou elaji lojman yo ansanm ak sèvis sou plas, n ap bay moun yo yon vrè chemen pou pi devan epi n ap bay fanmi yo lapè nan

lespri. Mwen rekonesan pou wè pwojè sa a ap avanse nan Sidès Queens epi mwen ap tann ak enpasyans establi li pral pote nan kominote nou an."

**Senatè Eta Jessica Ramos te deklare,** "Nan Queens, nou konprann ke lojman sipòtif se yon liy sovta. Se konsa nou pran swen vwazen nou yo ki bezwen establi, konpasyon, ak yon chans jis pou rebati lavi yo. The Morgan ap kontinye tradisyon fyè sa a. Mwen rekonesan anè Gouvènè Hochul paske li envesti nan sekirite reyèl pou Queens epi li elaji sèvis sante mantal Nouyòk yo merite depi lontan. Lè n ap pale de tretman sante mantal, nou dwe angaje nou nan tout bagay. Sa se lojman, diyite, ak sipò global ki vrèman pèmèt moun yo geri epi pwospere."

**Senatè Eta Patricia Fahy te deklare,** "Envestisman nan lojman abòdab ak asistans pou moun k ap viv ak maladi mantal yo nesè kounye a plis pase avan. Bay Nouyòk yo opòtinite pou yo viv yon lavi endepandan epi satisfèzan avèk lojman abòdab montre ki kote priyorite nou ye, e se avèk pèp la. 'Teh Morgan' pral non sèlman ranplase yon pwopriete vid; li pral kreye tou yon kominote ki pèmèt Nouyòk k ap viv ak maladi mantal yo rete an sekirite avèk aksè ak sèvis yo bezwen yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li nan swen sante mantal ak envestisman nan lojman espesyalize atravè Nouyòk."

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare,** "Lojman sipò ede moun k ap viv ak maladi mantal bati establi ak endepandans. Pwojè tankou The Morgan yo plis pase nouvo bilding — yo ofri espwa ak opòtinite pou moun ki merite opòtinite pou yo pwospere nan kominote pa yo. Lè nou ogmante aksè ak lojman ki an sekirite, abòdab, epi ki ofri sipò, n ap amelyore sistèm sante mantal nou an epi n ap bati yon rezo sipò ki pi solid pou moun ki bezwen li yo."

**Manm Asanble, Clyde Vanel, te deklare,** "Lojman ki abòdab e aksesib alafwa esansyèl pou byennèt kominote nou an Li enpòtan pou nou pran swen tout Nouyòk yo epi ba yo asistans yo bezwen an. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li anè swen sante mantal ak lojman sipò."

OMH ap elaji lojman espesyalize yo yon fason agresiv tou, tankou 1,276 nouvo inite ki asosye avèk inisyativ sante mantal Gouvènè Hochul la, ak 2,224 inite lojman anplis ki an konstriksyon. Sa gen ladan l 500 nouvo inite rezidans kominote ki gen yon sèl chanm, 750 inite lojman sipò ki gen yon sèl chanm, ak 900 inite rezidansyèl tranzisyonèl akoutèm ki fèt pou ede Nouyòk k ap viv ak maladi mantal rete an sekirite nan kominote yo a.

###

Lèt nouyèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)